
Фатимет Тлепшукова
Заяц по имени
Косой

Фатимет Тлепшукова

# Заяц по имени Косой

«Автор»

2026

**Тлепшукова Ф. М.**

Заяц по имени Косой / Ф. М. Тлепшукова — «Автор», 2026

Добрая сказка о том, как в лесу Мэздах заяц по имени Косой. Назвали его так потому, что один глаз у него смотрел немножко в сторону. Но это совсем ему не мешало — он лучше всех слышал, как падает с дерева последний осенний лист, и быстрее всех бегал по тропинкам. В лесу Мэздах звери жили дружно. Белка Рыжик собирала шишки в большую корзину, ёжик Топотун носил на колючках грибы, а старый лось Рогач охранял поляну, где росла самая сладкая земляника. Но была у лесных жителей одна беда — в овраге за Лесным ручьём поселился серый Волк. Он был очень хитрый и всё время хотел поймать кого-нибудь на обед. Больше всего на свете Волк мечтал поймать зайца Косого. однажды когда заяц попал в беду спасла мудрая Сова. сказка на адыгейском и русском языке

© Тлепшукова Ф. М., 2026
© Автор, 2026

# Фатимет Тлепшукова
# Заяц по имени Косой

**Назэк1э заджэщтыгъэхэ тхъак1умк1ыхъэр.**

Мэздах зыц1э мэзым хэсыгъ Назэк1э заджэщтыгъэхэ тхьак1умк1ыхэр. Арэущтэу ащ зык1еджэщтыгъэхэр нэ лъэныкъор т1эк1у ыбгъук1э дыреплъэк1ыщтыгъэшъ ары. Ау ежь зыпарэк1и ащ иягъэ къек1ыщтыгъэп: зэк1эми анахь дэгъоу зэхихыщтыгъ аужырэ бжыхьэ тхьапэхэр чъыгхэм къызэрапытэкъужьыхэрэр ык1и мэзым хэс пстэуми анахь псынк1эу лэгъо ц1ык1умэ арычъэщтыгъ.

Псэушъхьэхэр зэгуры1охэу Мэздахэ щызэдэпсэущтыгъэх. Цызэ ц1эплъ ц1ык1ум щэкъмархэр къыугъоити, мэтэшхом рилъхьэщтыгъ, пыжъэу Лъэубабэ пэнэ ц1ык1оу тетхэмк1э хьа1ухэр къырихьак1ыщтыгъэх, шъыхьэжъэу Бжъэкъожъым анахь цумпэ 1эш1ур къызщык1ырэ гъэхъунэр къыгъэгъунэщтыгъ.

Ау мы мэзым хэс псэушъхьэхэр зэк1э зыгъэгумэк1ыщтыгъэхэр зы: хъуатэу мэз псыхъо ц1ык1ум ык1ыбк1э щы1эр Тыгъужъым псэунэу къыхихыгъагъ. Ар зэу тхьагъыпц1ыжъышъ: ахэм ащыщ горэ щэджэгъуашхэ ыш1ынэу ренэу фэягъ. Тыгъужъыр пстэуми анахь лъэшэу зык1эхъопсыщтыгъэр тхьак1умк1ыхьэ Назэр къыубытыныр ары.

Зэгорэм пчэдыжьым цумпэр къызщык1ырэ гъэхъунэм Нэщэ ц1ык1ум чъагъэ. Янэ ащ къелъэ1угъагъ ышнахьык1эмэ апае анахь цумпэ 1эшъур къыугъоинэу. Тхьак1умк1ыхьэр гуш1омэ пк1этэ-лъатэзэ, ытхьак1умэ к1ыхьэхэр ыгъэсысхэзэ чъэщтыгъэ ык1и гу лъитагъэп Тыгъужъыр лъэгъо ц1ык1ум къызэрэтехьагъэм.

-Ыхьы, Назэр! - ынэхэр къыгъэжъыухэзэ къэгъоргыгъ Тыгъужъыр. - Джы сэ ус1эк1эк1ыжьыщтэп!

Зэрэщтагъэм къыхэк1эу Назэ ц1ык1ум ыгу къыдэк1ыщтым фэдэу къылъэпэрэнагъ, хьапк1эу и1эр рихьыл1и, к1и1агъ. Ау тыгъужъыми ыуж зыкъыримыгъанэу, тхьак1умк1ыхьэм ык1э джы къынэмысымэ, джы къынэсы зыфа1орэм фэдэу, ыцэхэр зэригъэшхыхэзэ, къылъычъэщтыгъ.

-Марджэ хъужьын, шъукъызде1! - къэпц1эугъ тхьак1умк1ыхьэр, ау лъэшэу зэрэщтагъэм къыхэк1эу 1удэнак1эм фэдэу ымакъэ псыгъуабзэу къэ1угъ ык1и зыми ар зэхихыгъэп.

Гъэхъунэу чъыгэежъыр къызщык1ырэм къэсыгъ. Чъыгаер гъумышхоу щытыгъ, тхьак1умк1ыхьэм и1апл1 ар къыриубытэнэу щытыгъэн. Къутэмэ гъум горэм Тыгъурыгъу губзыгъэр тесыгъ. Мафэрэ ар чъыещтыгъэ, ау мэкъэшхоу къэ1угъэм къыхэк1эу нэ лъэныкъор кызэтырихыгъ.

-Сыд бырсыра къэшъу1этыгъэр? – пхъашэу Тыгъурыгъур къэупч1агъ. Ау Назэм ичъэн пидзэжьыгъ.

# Конец ознакомительного фрагмента.

Текст предоставлен ООО «Литрес».

Прочитайте эту книгу целиком, купив полную легальную версию на Литрес.

Безопасно оплатить книгу можно банковской картой Visa, MasterCard, Maestro, со счета мобильного телефона, с платежного терминала, в салоне МТС или Связной, через PayPal, WebMoney, Яндекс.Деньги, QIWI Кошелек, бонусными картами или другим удобным Вам способом.